

**NOTICE:** This is a public document, which means the document as submitted will be available to the public upon request. Therefore, do not enter personal identifiers on it, such as Social Security number, driver's license number, vehicle plate number, insurance policy number, active financial account number, active credit card number or military status.

**AVI:** Sa se yon dokiman piblik. Pa mete okenn enfòmasyon idantifikasyon pèsonèl sou li, kankou nimewo Sekirite Sosyal, yon nimewo lisans chofè, yon nimewo plak machin, yon nimewo kontra asirans, yon nimewo kont finansye ki aktif, yon nimewo kat kredi aktif, oswa stati militè. Dokiman sa a ap disponib ba piblik la sou demann jan li soumèt la.

Tout plent, petisyon ak lòt papye ki soumèt ba tribinal la fèt pou an angle.  
Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English

**New Jersey Judiciary**  
**Sistèm Jidisyè New Jersey**



**Additional Questions for Certain Sexual Offenses**  
**(Use if committed on or after December 1, 1998)**

**Kesyon Adisyonèl pou Sèten Zak Delenkans Seksyèl**

**(Itilize fòm sa a sèlman si enfrazyon te komèt sou oswa aprè le 1ye desanm 1998) (Haitian Creole)**

These additional questions need to be answered if you are pleading guilty to the offense of or any attempt to commit the offense of aggravated sexual assault, sexual assault, aggravated criminal sexual contact, kidnapping under 2C:13-1c(2), endangering the welfare of a child by engaging in sexual conduct which would impair or debauch the morals of the child under 2C:24-4a, endangering the welfare of a child pursuant to 2C:24-4b(4), endangering the welfare of a child pursuant to 2C:24-4b(5) (if the offense was committed on or after February 1, 2018), or leader of a child pornography network pursuant to 2C:24-4.1 (if the offense was committed on or after February 1, 2018)

Ou fèt pou reponn kesyon adisyonèl sa yo lè wap plede koupab de zak oswa tantativ pou komèt agresyon seksyèl agrave, agresyon seksyèl, kontak seksyèl kriminel agrave, kadejak dapre 2C-13-1c(2), lè w angaje w nan konpòtman seksyèl ki mete byenèt yon timoun an danje ki ta degrade oswa konwonp moral timoun la konfòm a 2C:24-4a, mete an danje byenèt yon timoun konfòm a 2C:24-4b(4), mete an danje byenèt yon timoun konfòm a 2C:24-4b(5) (si enfrazyon an te komèt le ou aprè le 1ye fevriye 2018), oswa w se lidè yon rezo pònografi timoun konfòm a 2C:24-4.1 (si enfrazyon an te komèt le ou aprè le 1ye fevriye 2018).

1. Do you understand you will be required to submit to a psychological examination by the Department of Corrections the purpose of which is to determine if your conduct in committing the offense was characterized by a pattern of repetitive and compulsive behavior and if it was, whether you are amenable to (will benefit from) sex offender treatment and you are willing to participate in such treatment?  Yes/Wi  No/Non

Èske w konprann ke wap oblije soumèt a egzamen sikolojik nan men Depatman Prizon pou yo ka detèmine si konpòtman ou lè w tap komèt zak la karakterize antan ke konpòtman residivis ak enkontwolab e si se byen sa, si w ta dispoze pou resevwa oubyen (pwofite de) tretman pou delenkan seksyèl ak si w dispoze pou patisipe nan tretman sa a?

2. Do you understand if the examination reveals that your conduct is characterized by a pattern of repetitive and compulsive behavior, and you are amenable to (will benefit from) sex offender treatment and willing to participate in such treatment, the judge shall, upon recommendation of the Department of Corrections, sentence you to confinement at the Adult Diagnostic and Treatment Center for sex offender treatment; however, if the sentence imposed is greater than 7 years, you will first be confined at a facility other than the Adult Diagnostic and Treatment Center?  Yes/Wi  No/Non

Èske w konprann ke si egzamen a ta revele ke konpòtman ou karakterize antan ke konpòtman residivis ak enkontwolab, epi si w ta dispoze pou resevwa oswa (pwofite de) tretman pou delenkan seksyèl ak dispoze pou patisipe nan tretman a, jij la va, dapre rekomandasyon Depatman Prizon a, kondane w a anprizonman nan Sant Tretman ak Adult Diagnostic la pou resevwa tretman pou delenkan seksyèl; mèzalò, si santans yo enpoze a ta depase 7 lane, yap anfèmen w nan yon lòt sant dabò anvan yo voye w nan Sant Tretman ak Adult Diagnostic la?

3. Do you understand if the court finds your conduct is characterized by a pattern of repetitive and compulsive behavior and you are not amenable to sex offender treatment or if you are amenable (will benefit from) but you are not willing to participate in such treatment, the court will sentence you to a term of incarceration to be served in another facility which will not provide for sex offender treatment **and** in such event, you will not receive commutation time for good behavior or earn work credits for time served in such other facility?  Yes/Wi  No/Non

Èske w konprann ke si jij la ta detèmine ke konpòtman ou karakterize antan ke konpòtman residivis ak enkontwolab epi w pa ta dispoze resevwa tretman pou delenkan seksyèl (pwofite de) men ou pa dispoze patisipe nan tretman a, jij la va kondane w a pije yon tèm nan prizon nan yon lòt etablisman ki pa ofri tretman pou delenkan seksyèl **epi tou** nan ka sa a ou pap jwenn rediksyon sou santans la pou bòn kondwit oswa kredi pou tan ke w deja pije nan lòt etablisman a?

4. Do you understand you will be able to challenge the findings of the Department of Corrections in a hearing and at that hearing you will have the right to confront the witnesses against you and to cross examine them and then present evidence on your own behalf?  Yes/Wi  No/Non

Èske w konprann ke wap kab konteste tout desizyon Depatman Prizon a ta pran nan yon odyans epi tou, nan odyans sa a wap gen dwa pou konfwonte temwen ki ta vin deklare kont w ak kont entèwoje yo epi prezante prèv an pwòp defans ou?

5. Do you understand if you are sentenced to the Adult Diagnostic and Treatment Center

Èske w konprann ke si yo ta kondane w a pije pèn nan Sant Tretman ak Adult Diagnostic la

- a. that any future parole will not be guided by the normal parole guidelines?  Yes/Wi  No/Non  
ke nenpòt ki libète kondisyonèl pap swiv direktiv tout lòt libète kondisyonèl nòmal yo?

- b. that you will be **eligible** for release when the State Parole Board, after receiving a recommendation from a special classification review board, finds you have achieved a satisfactory level of progress in sex offender treatment and that you will then be released on parole **unless** the State Parole Board determines by a preponderance of the evidence that you have failed to cooperate in your rehabilitation **or** there is reasonable expectation that you will violate conditions of parole?  Yes/Wi  No/Non

ke wap **elijib** pou yo lage w lè Komisyon Libète Kondisyonèl Leta a fin resevwa yon rekomandasyon nan men komite revizyon klasifikasyon espesyal la, ki di ke w reyisi atenn yon nivo pwogrè ki satisfè nan tretman pou delenkan seksyèl la epi ke yap lage w sou libète kondisyonèl **amwens** ke Komisyon Libète Kondisyonèl la ta detèmine dapre pwa prèv la ke w pat kolabore nan reyabilitasyon ou an **oswa** ta gen rezon pou prevwa ke wap vyole tout kondisyon libète kondisyonèl yo?

- c. that you could spend more time in treatment than you would spend if sentenced to state prison?  Yes/Wi  No/Non  
ke w ta kab fè plis tan nan tretman ke tan ou ta pase nan prizon leta?

6. Do you understand that if you are determined to be a repetitive, compulsive sex offender who is amenable to (will benefit from) sex offender treatment but you are **not** willing to participate in such treatment and are confined to a facility other than Adult Diagnostic and Treatment Center, you will also be subject to the same parole eligibility terms as contained in section 5 above?  Yes/Wi  No/Non

Èske w konprann ke si yo ta detèmine ke w se yon delenkan seksyèl residivis, enkontwolab ki ta dispoze (pwofite de) tretman pou delenkan seksyèl men **ou pa** dispoze patisipe nan tretman sila a epi yo ta fèmen ou nan yon lòt etablisman ki pa ta nan Sant Tretman ak Adult Diagnostic la, ou ta kab siseptib a menm tèm elijibilite libète kondisyonèl ki parèt nan seksyon 5 anlè a?

7. Do you understand that if your conduct is **not** characterized by a pattern of repetitive,  Yes/Wi  No/Non compulsive behavior or you are not amenable to sex offender treatment you will not become primarily eligible for parole until you have served any mandatory minimum term imposed by the court **or** one third of the sentence imposed where no mandatory minimum term is fixed **and** neither term will be reduced by commutation time for good behavior or work credits?

Èske w konprann ke si yo **pa** karakterize konpòtman ou antan ke delenkan residivis ak enkontwolab oswa ou pa dispoze pou resevwa tretman pou delenkan seksyèl ou pap elijib pou libète kondisyonèl toutotan ou pa pije tèm minimòm egzijib jij la te enpoze **oswa** yon tyè nan santans ki te enpoze a lè pa gen tèm minimòm egzijib **epi tou**, okenn nan tèm sa yo ap resevwa rediksyon pou bòn kondwit oswa kredi pou travay?

Date/Dat \_\_\_\_\_ Defendant/Akize a s/ \_\_\_\_\_

Defense Attorney/Avoka LaDefans s/ \_\_\_\_\_

Prosecutor/Komisè Gouvènman s/ \_\_\_\_\_

**NOTE:**If the defendant is a female and qualifies for sex offender treatment, she will not be confined at the Adult Diagnostic and Treatment Center, but a facility designated by the Commissioner of Corrections where she will receive similar sex offender treatment.

**Nòt:** Si akize a se fanm epi tou si li ta kalifye pou tretman pou delenkan seksyèl, yo pap fèmen li nan Sant Tretman ak Adult Diagnostic la men yap fèmen li nan yon etablisman deziye pa Komite Prizon a kote la va resevwa menm tip tretman pou delenkan seksyèl.